**Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme kitapxana orayı**
**Huquqıy maǵlıwmatlar sektorı**



# « Belgili mámleketlik isker, alım hám shayır »
# Filologiya pánleriniǹ doctorı Nájim  Dáwqaraevtıǹ 120 jıllıǵına biobiblografiya

**Nókis - 2025 jıl**

# KIRISIW

Qaraqalpaqstan xalqınıń mádeniy hám ilimiy turmısında ózine tán iz qaldırǵan, pidayı aǵartıwshı, dramaturg, ádebiyattanıwshı ilimpaz, pedagog, awdarmashı hám jámietlik ǵayratker Nájim (Najmiddin Saatdiyin ulı) Dáwqaraev - Qaraqalpaqstanda filologiya ilimleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tiykar salǵan birinshi ilim doktorı sıpatında elimizdiń ilim tariyxında ayrıqsha orın ieleydi. Onıń kóp qırlı dóretiwshiligi - kórkem shıǵarmaları, saxna ushın jazǵan pesaları, ilimiy-izertlew jumısları, awdarmaları hám aǵartıwshılıq jumısı - qaraqalpaq ádebiyatı hám mádeniyatınıń rawajlanıwında sheksiz áhmietke iye. Najim Davqaraevtıń pútkil ómiri óz xalqına, milliy qádiriyatlardı saqlaw hám jas áwladtı ilim-aǵartıwshılıq ruwxında tárbiyalawǵa baǵıshlanǵan pidayılıq úlgisi sıpatında tán alınadı. Najim Dawqaraev tuwılǵanınıń 120 jıllıǵı múnásibeti menen Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme-kitapxana orayı Huqıqıy maǵlıwmatlar sektorı tárepinen tayarlanǵan "Belgili mámleketlik ǵayratker, ilimpaz hám shayır" atamasındaǵı usı biobibliografiyalıq qollanba, ilimpazdıń bay ómiri hám dóretiwshilik miyrasın keń jámiechilikke jetkeriw, onıń jumısın tereńirek úyreniw, jas áwladtı milliy maqtanısh hám watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalaw maqsetinde dúzilgen.Usı biobibliografiyalıq qollanbada Nájim Dáwqaraevtıń ómiri, ilimiy hám kórkem dóretiwshiligi, ol haqqında jazlǵıanmaqalalar hám ádebiyatlar sistemalı túrde jámlengen bolıp, ol izertlewshiler, oqıtıwshılar, studentler hám ádebiyat ıqlasbentleri ushın áhmietli ilimiy dárek wazıypasın atqaradı.

## Bul biobibliografiya tòmendegi bòlimlerden ibarat

1. Nájim Dáwqaraevtıǹ ómiri hám ilimiy – dóretiwshilik miynet jolı.

2. Nájim Dáwqaraevtıǹ ómiri hám dóretiwshilik xızmeti dáwirindegi tiykargı sáneler.

3. Nájim Dáwqaraevtıǹ alǵan ataqları.

4. Nájim Dáwqaraevtıǹ shıǵarmaları.

5. Nájim Dáwqaraevtıǹ hám onıń shıǵarmaları haqqında.

## Nájim Dáwqaraevtıǹ ómiri hám ilimiy – dóretiwshilik miynet jolı

Nájim Dáwqaraevtıń ómiri hám dóretiwshilik xızmeti Qaraqalpaqstanda óz xalqı, óz milleti ushın jan kúydirip xızmet etken Allayar Dosnazarov, Qasım Áwezov, Qazı Máwlik usaǵan xalıqtıń júrek tórinen orın alǵan, umıtılmas ullı tariyxıy tulǵalardıń biri Nájim Dáwqaraev bolıp esaplanadı. Ataqlı ilimpaz, jazıwshı hám dilmash, jámiyetlik ǵayratker, Qaraqalpaqstandaǵı birinshi ilim doktorı Nájim (Nájimatdiyin Saatdiyin ulı) Dáwqaraev 1905 – jılı burınǵı Xiywa xanlıǵı Qońırat bekliginiń Sorkól elatında (házirgi Moynaq rayonı Moynaq xojalıǵı) xalıq milliy baylıqların qádirleytuǵın belgili qurǵın shańaraqta dúnyaǵa keldi. Qońırat qalasınıń ózi tariyxıy, siyasiy strategiyalıq jaqtan patshalıq Rossiya hám Xiywa xanlıǵında belgili orınlardan esaplanatuǵın qala boldı. Nájim dáslep eski awıllıq mektepte oqıydı, mediresede tálim aladı, sońınan keńes húkimeti tárepinen ashılǵan joqarǵı oqıw orınlarında bilimin jetilistiredi. Onı jas waqıtlarınan eldegi esap-sansız folklorlıq baylıqlar, xalıq milliy úrp - ádetlerindegi sırlı hádiyseler kóp qızıqtıradı. 1924-jılı Orenburgqa kelip oqıwǵa kiredi. 1930-jılı Alma-Atadaǵı pedinstitutı pitkerip shıǵadı. Institutı pitkergennen keyin Qostanaydaǵı texnikumda, soń Qazaq Xalıq bilimlendiriw institutında muǵallim bolıp isleydi. 1920-jıldıń aqırında-aq onıń geypara gúrrińleri baspada járiyalandı. 1934-jılı Qaraqalpaqstanda pedinstituttıń ashılıwına baylanıslı 19-iyulde Qaraqalpaqstan Narkomprosınıń ótinishi boyınsha Qaraqalpaqstanǵa jumısqa shaqırıladı hám «Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı» kafedrasın basqarıw wazıypasın júkleydi. Ol endi ómirin Qaraqalpaqstandaǵı ilimiy hám pedagogikalıq jumıslarǵa baǵıshlaydı. Nájim Dáwqaraev XX-ásirdiń 20-30-40- jıllarındaǵı adamzat ushın eń qıyın bolǵan asharshılıq, joq-juqa, repressiya jıllarında, mádeniy miyras elden jıynap alınıp joq etilgen, ekinshi jer júzilik urıs dáwirindegi awır jıllarda elde xızmet etti, ol milliy ádebiyattı, mádeniyattı basqardı. Usınday qıyın jaǵdaylarǵa qaramastan 1939-40-jıllarda Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq til iliminiń jáne de ádebiyattanıw ilimleriniń rawajlanıwına úlken úles qostı Ol bul jıllarda óz xalqınıń, milletiniń keleshegi ushın ullı ideyalar menen jasadı. Nájim Dáwqaraev 30-jıllardıń ózinde-aq tez waqıttıń ishinde awqamdaǵı belgili túrkologlardıń qatarınan orın aldı. Ol 1930-40-jıllarda tek Qaraqalpaqstanda ǵana emes, hátte awqamdaǵı úlken alımǵa aylandı. Ol 1940-jılları qaraqalpaq jigit-qızların Tashkent, Alma-Ata, Moskva, Leningrad usaǵan úlken Oraydaǵı institut hám universitetlerge jáne de aspiranturalarǵa oqıwǵa jóneltti. Ol óz eli, xalqı ushın dúnyalıq ilimge jol ashtı. 1944-jılı Qaraqalpaqstan Ministrler Keńesi janınan Til hám ádebiyat ilim-izertlew institutı ashılıp, Nájim Dáwqaraev onıń direktorı boldı. Bul institut 1947-jılı Ekonomika hám mádeniyat institutı bolıp dúzildi, 1948-jılı Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń quramına alındı. (Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan Kompleksli ilim-izertlew institutı, 1959-jılı Ózbekstan Ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı, 1992- jıldan Bólimi boldı). Ol 1944-jıldan 1953-jıldıń iyulına shekem shekem, yaǵnıy ómiriniń aqırına deyin usı Ekonomika hám mádeniyat institutınıń direktorı bolıp isledi. Institut ashılǵan waqtında ya ilimiy kadrları, ya kitapxanası, hesh nársesi joq waqıtta ol jumıs basladı. N. Dáwqaraev barlıq shólkemlestiriw jumısların joqtan baslawına tuwra keldi. Nájim Dáwqaraev jańa qaraqalpaq ádebiyatına talantlı prozaik sıpatında kelip kirdi. Onıń dáslepki shıǵarmaları jigirmalanshı jıllardıń aqırında jazıldı. Studentlik dáwirinde jazǵan «Kóp kúnlerdiń biri» atlı gúrrińi 1929-jılı Alma-Ata qalasındaǵı «Jańa mektep» jurnalında basılıp shıqtı. Prozaiktiń «Internatta», Partizanlar, «Toyǵa barǵanda», «Baǵman», «Biybixan», «Ólimdi pisent etpewshiler» usaǵan kólemli shıǵarmaları qaraqalpaq ádebiyatında jańa janrdıń qáliplesiwi ushın úlken áhmiyetke iye boldı. Sonday-aq ol «Alpamıs» draması arqalı qaraqalpaq ádebiyatı hám kórkem - óneriniń rawajlanıwına salmaqlı úles qostı. Berdaqtıń dóretiwshiligin izertledi. Dúnya júzilik ádebiyat úlgilerinen A. S. Pushkinniń «Kapitan qızı», «Ǵarǵanıń gúldástesi», N. A. Nekrasovtıń «Temir jol», L. N. Tolstoydıń «Kavkaz tutqını», A. P. CHexovtıń «Kashtanka», «Vanka», V. M. Garshinniń «Sayaxatshı qurbaqa», K. M. Simonovtıń «Rus adamları», V. Gyugonıń «Gavrosh» shıǵarmaların joqarı kórkemlik dárejede ana tilimizge awdarıp, kitap oqıwshılarına ılayıqlı sawǵa qıldı. Ózbek tilinen Alisher Nawayınıń

«Farxad hám Shiyrin» dástanın awdarıwğa qatnastı. Dilmashtıń bul miynetleri házirgi kúnge shekem óziniń qunın joğaltqan joq. Ótken ásirdiń 30- jıllarında qaraqalpaq tili hám ádebiyatınıń hár tárepleme izertleniwinde járdemlesken kóplegen tuwısqan xalıqlar alımları bar edi, olardan N. A. Baskakov, S.Malov, E. D. Polivanov, Ǵ. Alfarov hám basqalardı atap ótiwge boladı. Atı atalğan alımlardan ayrıqsha professor N. A. Baskakovtıń qaraqalpaq filologiyasınıń házirgi kúngi dárejesine keliwinde salmaqlı úlesi barlığın hesh kim biykarlay almaydı. Nájim Dáwqaraev usınday kórnekli ádebiyatshı, tilshi, tariyxshı alımlar menen de tığız qatnasıp, qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimi, folklorı boyınsha pikirlesip, xatlar alısıp turdı. N. A. Baskakov N. Dáwqaraevtıń «Qaraqalpaq ádebiyatınıń tariyxı boyınsha ocherkler» atamasındağı monografiyasına ádil baha berdi. Ataqlı túrkolog óziniń túrkologiyanıń áhmiyetli máseleleri, sonday-aq qaraqalpaq ádebiyatına arnalğan miynetlerinde N. Dáwqaraevtıń izertlewlerine ayrıqsha baha berdi, olar arasındağı ilimiy hám doslıq baylanıslar uzaq jıllar dawam etti. Nájim Dáwqaraev baslawısh hám orta mektepler ushın qaraqalpaq tili hám ádebiyatınan sabaqlıqlar menen oqıw bağdarlamaların dúziwge belsene qatnastı. Qaraqalpaqstan jaslarınıń pútin bir áwladı Nájim Dáwqaraev dúzgen «Álipbe»den sawat ashıp, «Oqıw kitabı» arqalı qaraqalpaq tili grammatikasınan ózleriniń bilimlerin hár tárepleme jetilistirdi. Usınıń menen birge ol G. Ubaydullaev, Q. Ayımbetovlar menen birgelikte latın grafikasına tiykarlanğan qaraqalpaq tili orfografiyasın (imlasın) dúzdi hám ádebiy til máseleleri boyınsha bir qansha maqalalar járiyaladı. Nájim Dáwqaraev qaraqalpaq ádebiyatınıń tiykarın salğan ullı ilimpaz boldı. Ol kóp sanlı ilimiy maqalalar, recenziyalar jazıw menen birge qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri, klassikalıq poeziya hám jańa qaraqalpaq ádebiyatı tuwralı iri-iri monografiyalardı dóretti hám 1946-jılı «XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı» degen temada kandidatlıq dissertaciyasın Ózbekstan Ilimler akademiyası A. S. Pushkin atındağı Til hám ádebiyat institutında, 1951-jılı 12-fevralda Moskvada burıngı awqam Ilimler akademiyasınıń Shığıstanıw institutınıń Ilimiy keńesinde «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń ocherkleri» degen temada doktorlıq dissertaciyasın tabıslı jaqlap, filologiya ilimleriniń doktorı ilimiy dárejesin alğan qaraqalpaq xalqınan shıqqan birinshi ilim doktorı boldı. Ol jaqlağan Ilimiy keńeske professor S. P. Tolstov basshılıq etti. Nájim Dáwqaraev birinshi ret qaraqalpaq dástanlarınıń ideyalıq mazmunına, atqarılıwına qarap janrlıq jaqtan ayırdı, dástanlardıń dóreliw tariyxına toqtadı. Qaraqalpaq xalqınıń «Alpamıs», «Qırıq qız», «Qoblan» sıyaqlı dástanların salıstırmalı-tariyxıy, ádebiy-tariyxıy jaqtan izertlew jumısın júrgizdi. «Alpamıs», «Qoblan» dástanlarınıń basqa xalıqlardağı variantları menen birinshi ret salıstırıp izertledi hám qaraqalpaq versiyasınıń ózgesheligin kórsetti. Al «Qırıq qız» dástanınıń basqa xalıqlarda versiyası joq, tek qaraqalpaqlarda bar dástan ekenligine toqtadı, onıń áyyemgi matriarxat dáwirinen, áyyemgi Oks jağasındağı hayallar patshalığınan mağlıwmat beretuğın dástan ekenligine toqtadı. N. Dáwqaraevtıń qaraqalpaq folklorı jónindegi miynetleri biziń folklortanıw ilimimizdiń tariyxın, teoriyasın ashıp bergen búgingi kúni áhmiyeti kúshli miynetlerden esaplanadı. Respublikamız húkimeti kórnekli ilimpaz-jazıwshı hám dilmash Nájim Dáwqaraevtıń ilimiy-dóretiwshilik miynetlerin joqarı bahaladı. 1944-jılı oğan «Ózbekstan Respublikasına miyneti sińgen muğallim» húrmetli atağı berildi, bir neshe orden hám medallar menen, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Joqarğı Sovetleriniń Húrmet jarlıqları menen sıylıqlandı. 1947-jılı Ózbekstan Joqarğı Sovetine, al 1951-jılı Qaraqalpaqstan Joqarğı Sovetine deputat bolıp saylandı. Qaraqalpaq xalqınıń hadal perzenti, ullı ilimpaz, jámiyetlik ğayratker, talantlı jazıwshı, ádiwli ustaz Nájim Dáwqaraev 1953-jılı 20-iyulde 48 jasında tosattan qaytıs boldı. Ol óz shákirtlerine ilimpaz bolıwdıń, ustaz bolıwdıń, óz xalqın qalay súyiwdiń úlgisin berip ketti. Óz xalqına hesh gónermeytuğın baylıq óziniń ádebiy, ilimiy miynetlerin taslap ketti. Onıń miynetleri ádebiyattanıw, folklortanıw boyınsha izertlewlerde búgingi jas ilimpazlar ushın jol kórsetiwshi juldız sıyaqlı qádirli bolıp, olar ilimiy jumıslardı Nájim Dáwqaraevtıń miynetlerindegi pikirine súyene otırıp alıp baradı. Onıń dóretiwshiligi mektep, joqarı oqıw orınlarınıń sabaqlıqlarında óz ornın alğan. Ilimpazdıń dóretpeleri, onıń xızmeti, miynetleri xalqımızdıń baylığı, biziń milliy ruwxıy baylığımız. Nájim Dáwqaraev baslağan Qaraqalpaqstan iliminiń kárwanı uzaq jolğa, biyik shıńğa qaray óz mánziline barmaqta.

## NájimDáwqaraevtıǹ ómirihámdóretiwshilikxızmetidáwirindegi tiykarǵı sáneler

**1905 –** jılı Qońırat rayonında tuwılǵan.

**1924 – 1925 -** jılı Orenburg qalasındaǵı Qazaq Xalıq bilimendiriwi nstitutınıń tayarlıq kursında oqıdı.

**1930**-jılı Alma-Atadaǵı pedinstitutı pitkerip shıǵadı. Institutı pitkergennen keyin Qostanaydaǵı texnikumda, soń Qazaq Xalıq bilimlendiriw institutında muǵallim bolıp isleydi.

**1934 –** jılı Tórtkóldegi muǵallimler institutinda oqıtıwshı, soń kafedra baslıǵı bolıp isledi.

**1939 – 1942 -** jılları Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamınıń juwaplı xatkeri.

**1942–1944 -** jılları Kórkem-óner isleri boyınsha komitettiniń basqariwshısı xızmetin atqardı hám K.S.Stanislavskiy atındag‘ımuzikalıq drama teatrınıń direktorı bolip isleydi.

**1944 - -** jılı QQASSR Ministrler Sovetiniń qasınan ashılǵan til hám ádebiyat institutınıń direktorı bolıp isleydi.

**1944 -1953**-jılları Ózbekstan ilimler akademiyası mádeniyat hámekonomika institutınıń direktorı.

**1946 –** jılı «XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı» degen temada kandidatlıq dissertatsiya jaqlap, qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha birinshi ilim kandidatı boldı.

**1948 -** jilg‘a shekem Qaraqalpaqstan Respublikası jazıwshılar Awqamın basqardı.

**1951 -** jılı «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxiniń ocherkleri» atamasında doktorlıq dissertatsiyasın tabıslı jaqlap, filologiya ilimleriniń doktorı ilimiy dárejesin alg‘an birinshi ilim doktorı boldi.

## Nájim Dáwqaraevtıǹ alǵan ataqları

**1944**-jılı oǵan “Ózbekstan Respublikasına miyneti sińgen muǵállim” húrmetli ataǵı berildi.

**1947** -jılı Ózbekstan Joqarǵı Sovetine deputat bolıp saylandı.

**1951** -jili Qaraqalpaqstan Joqarg‘i Sovetine deputat bolip saylandı. Ol bir neshe orden hám medallar, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Joqarg‘ı Sovetleriniń Húrmet jarlıqları menen sıylıqlandı.

**1965**– jılı Ózbekstan Respublıkası Ilimler akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filiali (1992- jılı bólimi boldı) Tariyx, til hám ádebiyat institutı onıң atına qoyıldı.

## Nájim Dáwqaraevtın̓ shıǵarmaları

**1961**

1. Дәўқараев, Н. Революцияғашекемқарақалпақәдебиятытарийхыныңочерклери / НәжимДәўқараев. – Нөкис : Қарақалпақстан, 1961. – 208 б.

**1967**

2. Дәўқараев, Н.Интернатта : гүрриңлер / Нәжим Дәўқараев. – Нөкис : Қарақалпақстан, 1967. – 56 б.

**1968**

3. Дәўқараев, Н. Шығармаларының толық жыйнағы : Т. 2. / Нәжим Дәўқараев. – Нөкис : Қарақалпақстан, 1968. – 484 б.

**1977**

4. Дәўқараев, Н. Шығармаларының толық жыйнағы : Т. 2. / Нәжим Дәўқараев. – Нөкис : Қарақалпақстан, 1977. – 355 б.

**1979**

5. Дәўқараев, Н. Шығармаларының толық жыйнағы : Т. 3. : Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери 1, 2, 3 – бөлимлери / Нәжим Дәўқараев. – Нөкис : Қарақалпақстан, 1979. – 359 б.

**1985**

6. Дәўқараев, Н. Интернатта : [гүррин] / Нәжим Дәўқараев // Әмиўдәрья. – 1985. – № 11. – Б. 106–107.

**1990**

7. Дәўқараев, Н. Коллектив [Текст] : еске тусириўлер / Нәжим Дәўқараев. – Нөкис : Қарақалпақстан, 1990. – 84 б. – 2000 дана.

**2020**

**8.** Дәўқараев, Н. Интернатта ; Мыңлардың бири [Текст] : гүрриң, повесть / Нәжим Дәўқараев, Мырзағалий Дәрибаев . — Нөкис : Билим, 2020. — 176 б. — 500 дана.

**2021**

9. Dáwqaraev, N. Internatta ; Minlardiń biri [Текст] : povest / Nájim Dáwqaraev, Mirzaǵaliy Daribaev. — Nókis : Bilim, 2021. — 176 b. — 2100 dana

**rus tilinde**

**1959**

10. Даукараев, Н. Очерки по истории дореволюционной каракалпакской литературы / Нажим Даукараев. – Ташкент : Акад. Наук УзССР, 1959. – 221 с.

**1978**

11. Даукараев, Н. В интернате : рассказы / Нажим Даукараев ; пер. с каракалпакского К. Досановой. – Нукус : Каракалпакстан, 1978. – 48 с.

## Nájim Dáwqaraev hám onıń shıǵarmaları haqqında

**1951**

12. Сағитов, И. Қарақалпақтың биринши илим докторы : [ Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / Исмайыл Сағитов // Қзыл Қарақалпақстан. – 1951. – 24 февр.

**1976**

13..Байниязов, Қ. Нәжим Дәўқараевтың әдебий ҳәм илимий мийраслары : [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанына 70 жыл толыў мүнәсибети менен] / Қ. Байниязов // Жас ленинши. – 1976. – 27 февр.

**1977**

14. Нарымбетов, Ж. Саўлатлы тулға : [талантлы жазыўшы, терең ойлы илимпаз ҳәм уқыплы жәмийетлик искер Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / Ж. Нарымбетов // Әмиўдәрья. – 1977. – № 4. – Б. 98–106.

15. Насыров, Д. Нәжим Дәўқараев ҳәм қарақалпақ тил илими / Досжанбай Насыров, К. Пирназарова // Әмиўдәрья. – 1977. – № 4. – Б. 107–111.

16. Устазды еске алғанда : [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Әмиўдәрья. – 1977 – №4.Б.112117.

**1980**

17. Баҳадырова, С. Нәжим Дәўқараев шығармаларының үшинши томы / Сарыгүл Баҳадырова // Совет Қарақалпақстаны. – 1980. – 3 июль.

**1985**

18. Каримова, А. Көрнекли устаз : [Нәжим Дәўқараевтың өмири ҳәм илимий дөретиўшилик мийнет жолы ҳаққында] / А. Каримова // Әмиўдәрья. – 1985. – № 11. – Б. 105–106.

**1989**

19. Ахметов, С. Устаз ағаның алақаны : [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / Сражатдин Ахметов // Әмиўдәрья. – 1989. – № 9. – Б. 103–106.

**1990**

20. Есемуратова, Г. Умытпайман, Нәжим аға ! : [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / Гүлайша Есемуратова // Әмиўдәрья. – 1990. – № 8. – Б. 102–112

21. Пахратдинов, Ә. Нәжим Дәўқараев пенен Аббаз шайырдың ушырасыўынан / Әбдисайыт Пахратдинов // Еркин Қарақалпақстан. – 1994. – 12 июль.

**1995**

22. Алланиязов, Б. Елим деп, илим деп гүрескен азамат илимпаз : [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығы алдынан] / Б. Алланиязов // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 10 авг.

23. Алланиязов, Б. Тарийхтың гүңгирт бетлери ямаса Нәжим Дәўқараев идеологиялық қәте жибердиме ? : [әдебият тарийхы] // Әмиўдәрья. – 1995. – № 10. – Б. 111 – 114.

24. Аманнепесов, Д. Нәжим Дәўқараевқа арнап : [алымның 90 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 1 июнь.

25. Байниязов, Қ. Мен соркөлде туўылғанман…: [Нәжим Дәўқараев туўылғанының 90 жыллығына илимпаздың өмири ҳәм илимий дөретиўшилик хызметлери ҳаққында жаңа мағлыўматлар] / Қ. Байниязов // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 2 май.

26. Баҳадырова, С. Әдебияттаныў илиминиң атасы : [Нәжим Дәўқараев 90 жаста] / Сарыгүл Баҳадырова // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 14 янв.

27. Қалендеров, М. Нәжим Дәўқараев ҳәм қарақалпақ лексикографиясы / М. Есенов, Ж. Илимпаздың изертлеў усылы ҳаққында ойласық : [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығы алдынан] / Ж. Есенов // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 4 февр.

28. Пахратдинов, Ә. Ел, халық ғамы менен жасаған алым : [Нәжим Дәўқараевтың туўылғанының 90 жыллығы алдынан] / Әбдисайыт Пахратдинов // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 5 авг.

29. Қалендеров, М. Нәжим Дәўқараев ҳәм қарақалпақ лексикографиясы / М. Қалендеров // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 3 нояб.

30. Қалендеров, М. Нәжим Дәўқараев (Нәжиматдин Саадатдин улы) ҳәм қарақалпақ тил билиминиң раўажланыўы / М. Қалендеров // Қарақалпақстан жаслары. – 1995. – 9 нояб.

31. Қалендеров, М. Нәжим Дәўқараев (Нәжиматдин Саадатдин улы) ҳәм қарақалпақ тил билиминиң раўажланыўы / М. Қалендеров // Қарақалпақстан

жаслары. – 1995. – 9 нояб.

**1997**

32. Худайбергенов, К. Нәжим Дәўқараев ҳәм прозамыз / К. Худайбергенов // Совет Қарақалпақстаны. – 1997. – 27 июнь.

**1998**

33. Мақсетов, Қ. Нәжим Дәўқараев Бердақ ҳаққында : [Бердақ Қарғабай улының туўылғанының 170 жыллығына] / Қабыл Мақсетов // Еркин Қарақалпақстан. – 1998. – 16 июнь.

**2003**

34. Баҳадырова, С. Нәжим Дәўқараев Бердақ шайырды қалай қарғады / Сарыгүл Баҳадырова // Еркин Қарақалпақстан. – 2003. – 30 сент.

**2005**

35. Абдреймов, З. Қарақалпақстанға илим сағасын ашқан алым : [сазлы театрда алымның 100 жыллығына республикалық әнжуман болып өтти] / Р. Абдреймов // Устаз жолы. – 2005. – 17 дек

36. Айымбетов, Н. Тайғақ кешиўлерден өтип, мәңгилик мийрас қалдырған алым / Н. Айымбетов // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 22 дек.

37. Әбдреймов, Ж. Уллы алым, жазыўшы, устаз : [Нәжим Дәўқареав ҳаққында] / Ж. Әбдреймов // Әмиўдәрья. – 2005. – № 4. – Б. 117–120.

38. Базарбаев, Ж. Алымымыз тәғдири – ел тәғдири еди : [ямаса оның даналығы, сол дәўирдеги ала аўызлық ҳаққында ойлар] / Жуманазар Базарбаев // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 22 нояб.

39. Байниязов, Қ. Нәжим ағаның нәзери түскен еди / Қ. Байниязов // Устаз жолы. – 2005. – 26 февр.

40. Бекбергенова, З. Мемуарлық дөретпелерде Нәжим Дәўқараев образының сәўлелениўи / Зыяда Бекбергенова // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 5 нояб.

41. Дәўлетов, А. Мектеп сабақларын дәслепки дүзиўшилердиң бири : [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / А. Дәўлетов // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 2 авг.

42.  Есемуратова, Г. Алп анадан туўылады : [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / Г. Есемуратова // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 2 июнь.

43. Есемуратова, Р. Уллы талант ийеси еди : [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / Р. Есемуратова // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 3 май.

44. Камалов, К. Илим ҳәм ақыл шырағы елдиң саўлаты еди / К. Камалов //

Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 8 янв. - Даўамы бар.

45. Камалов, С. Қарақалпақстанға илим сағасын ашқан алым : [Нәжим Дәўқараев хаққында] / С. Камалов // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 14 июнь.

46. Қалендеров, М. Тилимиздиң де жан ашыры еди : [ Нәжим Дәўқараев хаққында] / М. Қалендеров // Устаз жолы. – 2005. – 9 апр.

47. Қарақалпақ илиминиң тунғыш жулдызы : Қарақалпақстандағы биринши филология илимлериниң докторы, көрнекли алым, жазыўшы, белгили жәмийетлик искер, устаз Н. Дәўқараевтың 100 жыллығына арналған республикалық илимий – терриялық конференция материаллары, 1 – 2 – июнь. –Нөкис : Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Н. Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институты, 2005. – 116 б.

48. Қәлимбетов, Б. Қарақалпақ классикалық әдебиятының жанкүйери : [Нәжим Дәўқараев хаққында] / Б. Қәлимбетов // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 15 окт.

49. Қәлимбетов, Б. Қарақалпақ классикалық әдебиятының жанкүйери : [Нәжим Дәўқараев хаққында] / Б. Қәлимбетов // Еркин  Қарақалпақстан. – 2005. – 15 окт.

50. Пахратдинов, Ә. Үлкен алым ҳәм қәдирдан устаз : [ НәжимДәўқараевтың 100 жыллығына] / Әбдисайыт Пахратдинов // Мәденият ҳәм спорт. – 2005. – 5 май.

51. Пахратдинов, Ә. Халықаралық тайпадағы илимпа : [Нәжим Дәўқараев хаққында] / Әбдисайыт Пахратдинов // Нөкис ҳақыйқаты. – 2005. – 14 июль.

52. Пахратдинов, Ә. Халықаралық тайпадағы илимпаз : [Нәжим Дәўқараев хаққында] / Әбдисайыт Пахратдинов // Устаз жолы. – 2005. – 12 нояб.

**2015**

53. Абдиниязов, З. Уллы тулғаға бағышланды : [Нәжим Дәўқараевтың 110 жыллығы мүнәсибети менен Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында республикалық илимий-териялық конференция болып өтти / З. Абдиниязов // Қарақалпақстан жаслары. – 2015. – 26 дек.

54. Айымбетов, Н. Алымның мәртликке толы дөретиўшилик жолы : [атақлы алым Нәжим Дәўқараевтың 110 жыллығына] / Н. Айымбетов // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. – 28 апр.

**2016**

55. Назарбаев, Ж. Нәжим Дәўқараевтың мәнаўий мәртлиги : [атақлы шайыр, илимпаз ҳәм драматург Н. Дәўқараев хаққында] / Жуманазар Базарбаев // Әмиўдәрья. – 2016. – № 1. – Б. 62–65.

**2020**

56. Ахимбетова, С. Қарақалпақ халқының биринши илим докторы :

[мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер, жазыўшы, илимпаз Нәжим Дәўқараев ҳаққында] / С. Ахимбетова // Ustazjoli. – 2020.

**Rustilinde**

**2005**

57. Базарбаев, Р. Исторические взгляди Н. Давкараева : [к 100 летию со дня рождения Н. Давкараева] / Р. Базарбаев // Вести Каракалпакстана. – 2005. – 7 июня.

58. Бахадырова, С. Основатель Каракалпакской науки / Сарыгул Бахадырова // Вести Каракалпакстана. – 2005. – 4 июня.

59. Кормилов, С. И. Поэтика рассказа Н. Давкараева «В интернате» как явление становящейся литературы / С. И. Кормилов, А. Аманова // Вестник Каракалп. отд. АН РУз. – 1993. – № 3. – С. 105–110.

**2015**

60. Пирназарова, К. Вспоминая Нажима Давкараева : [память] / К. Пирназарова // Вести Каракалпакстана. – 2015. – 4 апр.

## Járdemshi kórsetkishler:

**Isimler kòrsetkishi:**

Абдиниязов З. 53

Абдреймов З. 35

Айымбетов Н. 54

Айымбетов Н. 36

Алланиязов Б. 22

Алланиязов Б. 23

Аманнепесов Д. 24

Ахимбетова С. 56

Ахметов С. 19

Базарбаев Ж. 38

Базарбаев Ж. 55

Базарбаев Р. 57

Байниязов Қ. 25

Байниязов Қ. 13

Байниязов Қ. 39

Бахадырова С. 58

Баҳадырова С. 26

Баҳадырова С. 34

Баҳадырова С. 17

Бекбергенова З. 40

Дәўлетов А. 41

Есемуратова Г. 20

Есемуратова Р. 43

Есемуратова Г. 42

Әбдреймов Ж. 37

Камалов К. 44

Камалов С. 45

Каримова А. 18

Қалендеров М. 27

Қалендеров М. 30

Қалендеров М. 29

Қалендеров М. 31

Қалендеров М. 46

Қәлимбетов Б. 48

Мақсетов Қ. 33

Нарымбетов Ж. 14

Насыров Д. 15

Пахратдинов Ә . 21

Пахратдинов Ә. 28

Пахратдинов Ә. 50

Пахратдинов Ә. 49

Пахратдинов Ә. 51

Пирназарова К. 59

Сағитов И. 12

Худайбергенов К. 32

**Atamalar kòrsetkishi :**

Қарақалпақ илиминиң тунғыш жулдызы 47

**Dúziwshi:**
Huquqıy maǵlıwmatlar sektorı baslıǵı: N. Jumaniyazova

**Redaktorlaǵan:**
Maǵlıwmat bibliografiya xızmeti baslıǵı: G. Tajimuratova